


RCCB 35(94)



Urupapuro rwa mbere

**Sentre yubahiriza lbwirizwa Nshingiro mu Burundi ishashe i Bujumbura iciye urubanza rukurikira :**

**Intahe y'icese yo kw'igenekerezo rya 26 Mukakaro 1994**

Yihweje inzandiko zisa zo kw'igenekerezo rya 24 Nyakanga 1993, umupfasoni MUHONGAYIRE Marie yashikirije sentare, yitwarira ingingo ya 6 y'itegeko-bwirizwa n°1/01 yo ku wa 22 Nzero rishinga umurwi ujejwe gutahukana, kwakira no kugererera impunzi z'abarundi, avuga kw'iyi ngingo iteye kubiri n'lbwirizwa Nshingiro ;

Ibonye yuko urwo rubanza rwashitse mw'iyandikiro ry'imanza ya sentare kw'igenekerezo rya 28 Nyakanga 1993, maze rugahabwa n'inomero yarwo ;

Yihweje icegeranyo cashikirijwe n'umwe mu bacamanza ba sentare ku vyerekeye urwo rubanza ;

Ifatiye ku kugene yihweje urwo rubanza ku magenekerezo ya 15 gitugutu 1993 na 23 ruheshi 1994 ;

Kubera yuko nyene kwitwara asaba sentare, kwemeza yuko ingingo ya 6 y'itegeko-bwirizwa n°1/01 yo ku wa 22 nzero 1991, iteye kubiri n'lbwirizwa Nshingiro ;

Kubera yuko ku wa 25 Mukakaro 1994, sentare yaciye isoma urubanza RCCB 31 yemezamwo yuko iyo ngingo iteye kubiri n'lbwirizwa Nshingiro mu ngingo yaryo y'i 140, agace ka mbere ;

Kubera kandi yuko, hakurikijwe ingingo y'i 154 agace ka mbere y'ibwirizwa nshingiro nkuko sentare yayitomoye mu rubanza RCCB 28 rwaciwe ku wa 10 Nyandagaro 1993, urubanza RCCB 31 rwo ku wa 25 Mukakaro 1994 rutegerezwa gukurikizwa no ku vyerekeye amadosiye yoba akiri imbere y'umurwi washinzwe gutahukana, kwakira no kugererera impunzi z'abarundi ;

Kubera yuko, ifatiye kuri izo mvo, sentare ibona ko ata kamaro ko kwirirwa irihweza runo rubanza, kandi ivyo rukwirikirana biza vyaratomowe ; ari naco gituma urwo rubanza rukwiye gufutwa mu rutonde rw'imanza ;

**RCCB 35**

**BUBERA IYO MVO**

Sentare yubahiriza Ibwirizwa Nshingiro

Yihweje Ibwirizwa Nshingiro rya Republika y'Uburundi;

Yihweje itegeko-bwirizwa n°1/08 ryo ku wa 14 ndamukiza 1992 ritegekanya uburyo sentare yubahiriza Ibwirizwa Nshingiro iringanijwe kandi ikora hamwe n'ubuyo imanza zihwezwa ;

Yihweje amategeko yayo agenga akazi kayo yo ku wa 12 nzero 1994 ;

Imaze gushira runo rubanza mu mwiherero, hakurikijwe amategeko ;

Ishinze yuko iurubanza rwitwarira ingingo ya 6 y'itegeko-bwirizwa n°1/01 ryo ku wa 22 Nzero 1991 rishinga Umurwi Ujejwe kutahukana, kwakira no gugererera impunzi z'abarundi, rwashikirijwe mrwandiko, rwo ku wa 24 Nyakanga 1993 n'umupfasoni MUHONGAYIRE Marie, rufuswe mu rutonde rw'imanza.

Uko niko rucitse kandi rusomewe I Bujumbura mu ntahe y'icese yo ku wa 26 Mukakaro 1994, yari ishashe mwo:

**Abacamanza ba sentare**

Sé Devote SABUWANKA

Sé Gervais GATUNANGE

Sé Gédéon MUBIRIGI

**Umukuru w'intaha**

Sé Gérard NIYUNGEKO

**Icegera c'umukuru wa sentare**

Sé Gervais RUBASHAMIHETO

**Umwanditsi w'imanza : Sé Paul NDONSE**

